



Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A REPRIMANDE EKSÈ VITÈS

*Kanpay aplikasyon lwa "Semèn Vitès" la ap dewoule 3 jen rive 9 jen*

*Vitès se yon kòz prensipal aksidan fatal nan Eta New York chak ane*

*Manm Patwouy yo kontinye fè patwouy nan zòn travay yo epi yo vize vyolasyon 'Lwa Deplase sou Kote' a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York pral vize chofèk ap fè eksè vitès ak agresif pandan yon inisyativ espesyal pou aplikasyon lwa sikilasyon ki dire yon semèn. Represyon aplikasyon lwa "Semèn Vitès" ane sa a ap kòmanse lendi 3 jen 2024, epi l ap rive dimanch 9 jen 2024. Kòm yon pati nan efò aplikasyon lwa sa a, Lapolis Eta a pral deplwaye patwouy adisyonèl epi yo pral kontinye kontwole aktivman zòn travay otowout yo epi li pral vize chofè ki vyole Lwa "Deplase sou Kote" New York la.

"Kondwi ak ekst vitès epi ensousyan mete tout moun sou wout la an danje epi kontinye rete yon kòz prensipal aksidan fatal chak ane nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tanpri fè pati ou - fè sekirite vin pi gwo priyorite, obeyi limit vitès, depoze telefòn ou pandan w ap kondwi, epi deplase lè ou wè travayè ijans ak otowout sou bò wout la."

**Sirentandan Lapolis Eta, Steven G. James, te deklare,** "Objektif kanpay sa a ak efò aplikasyon lwa sikilasyon nou yo pandan tout ane a se diminye aksidan ki gen rapò ak vitès ak amelyore vwayaj ki an sekirite pou chofè ak pasaje sou wout New York yo. Manm patwouy Eta yo pral trè vizib pandan peryòd aplikasyon lwa sikilasyon sa a ak pandan peryòd sikilasyon pik pandan ete a, k ap vize moun ki kondui ensousyan epi ki mete lòt moun an danje."

Vitès liste kòm yon faktè ki kontribye nan preske yon tyè nan aksidan mòtèl yo nan Eta New York. Dapre Enstiti pou Jesyon ak Rechèch an matyè Sekirite Woutyè (Institute for Traffic Safety Management and Research, ITSMR) nan University at Albany, 345 moun te mouri ak 11,963 te blese nan Eta New York nan aksidan ki gen rapò ak vitès an 2022.

Pandan peryòd aplikasyon lwa "Semèn Vitès" sa a, Manm Patwouy yo pral sèvi ak toulède machin polis eta ki make ak machin Kontwòl Sikilasyon ki gen Idandite yo ki Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a. Veyikil CITE yo ap pèmèt manm patwouy yo idantifye pi fasilman otomobilis yo ki ap vyole lwa yo pandan yo ap kondwi. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari chak jou yo men yo vin menm jan ak machin ijans yo yon fwa limyè ijans lan aktive.

Eksè vitès tout kategori veyikil ap fè, ak tou lòt enfraksyon sikilasyon, pral pini sevèman pandan tout wikenn lan an plis aplikasyon lalwa nòmal pandan tout ane a. Twoupè yo pral siveye tou pou lòt vyolasyon sikilasyon, enkli chofè ki distrè oswa sou enfliyans, okipan veyikil yo ki pa byen tache senti, e chofè yo kap vyole Lwa New York Mete w Akote.

Pandan kanpay Semèn Vitès Jen 2023 la, Manm Patwouy Eta yo te bay 20,952 tikè sikilasyon total, ki gen ladan 10,478 pou vitès, 516 pou kondwi distrè, 375 pou vyolasyon lwa Deplase ou Kote a, epi yo te arete 172 moun pou kondwi sou avèk kapasite afebli.

Amann pou vitès nan Eta New York pou yon kondanasyon pou premye fwa yo varye ant 45 dola jiska 16 kilomèt alè sou limit vitès la rive 600 dola pou depasman limit vitès la a plis pase 48 kilomèt alè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)